

Kuita Zvakataurwa naJesu

Verengai Mateu 28:19, 20. VaKristu vari kuteerera sei murayiro waJesu wokuita “kuti vanhu vemarudzi ose vave vadzidzi”? Dzidzai nezvedzimwe nyika idzi papeji rokutanga pajw.org.

Semhuri, tarisai mufananidzo uri nechokumusoro papeji rokutanga. Edzai kufungidzira kuti inyika ipi iri kuratidzwa. Kuti muone kana mhinduro dzenyu dzakarurama bayai pakanzi “VHURA,” moona kuti munyika yacho mune Zvapupu zvaJehovha zvingani. Chitarisai pamepu iri kurudyi. Chokutanga onai pane nyika yacho, mozotarisa pane nyika yamunogara.

► **ITAI IZVI:** Pajw.org, tsvakai pane hofisi yebazi yeZvapupu zvaJehovha (inonziwo Bheteri) iri pedyo nekwamuri. (Tarisai pakanzi **NEZVEDU > MAHOFISI UYE KURATIDZWA ZVINOITWAPO.**) Kuti munzwe nezveBheteri riri pedyo nekwamunogara, tarisai pakanzi “Muchidimbu.”

